Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 21 MILYON DOLA NAN FINANSMAN ADISYONÈL POU NY SWIMS POU SIPÒTE 16 PWOJÈ ATRAVÈ ETA NOUYÒK

Selebre ouvèti nouvo Sant Akwatik Knickerbacker Park la, ki sipòte pa NY SWIMS nan Troy

Pwogram nan deja bay prèske 260 milyon dola pou 79 pwojè nan tout rejyon Eta Nouyòk la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prèske 21 milyon dola nan finansman adisyonèl atravè inisyativ Envestisman nan Tout Eta a nan Plis Natasyon (Statewide Investment in More Swimming, NY SWIMS) pou sipòte 16 pwojè ki pral elaji aksè ak enstalasyon natasyon modèn ak an sekirite atravè Eta Nouyòk. Yon majorite nan fon yo — 12.2 milyon dola — pral sipòte pwojè nan kominote ki pa jwenn ase sèvis pou ogmante aksè ak enstalasyon natasyon piblik ki an sekirite epi ki fyab nan zòn kote opsyon yo te limite depi lontan.

Avèk prim yo jodi a, NY SWIMS kounye a envesti prèske 260 milyon dola nan 79 pwojè atravè chak rejyon nan Eta Nouyòk, sa ki reprezante pi gwo envestisman nan enfrastrikti natasyon piblik depi New Deal la. Pwojè sa yo pral ede adrese twou vid ki la depi lontan nan enfrastrikti lwazi epi ogmante opòtinite pou edikasyon sou sekirite dlo, pwogram pou jèn yo ak aktivite deyò nan tan cho. Kòm rezilta envestisman NY SWIMS yo, yo estime 2.5 milyon Nouyòkè pral benefisye yon pi bon aksè ak natasyon ki an sekirite ak opòtinite lwazi ki bon pou sante.

"Chak Nouyòkè merite aksè ak kote ki an sekirite e modèn kote fanmi yo ka pran yon ti repo, timoun yo ka aprann naje epi kominote yo ka reyini ansanm", **Gouvènè Hochul te deklare,** "Envestisman jodi a yo pral ede plis kominote bati epi amelyore enstalasyon pisin piblik yo tout pandan y ap kreye nouvo opòtinite pou lwazi, sekirite nan dlo ak mòd vi ki pi an sante. Ansanm, pwojè sa yo pral ranfòse kominote yo atravè Nouyòk epi asire plis fanmi gen aksè a kote ki an sekirite pou naje pou jenerasyon k ap vini yo."

Lòt Benefisyè Prim NY SWIMS

Capital Region

- Robert ak Dorothy Ludwig JCC nan Schenectady nan Golub Family Campus – Pisinn alenteryè Yulman: jiska 1.7 milyon dola

Long Island

- Vilaj Babylon – Pisin Memorial Gilbert C. Hanse: jiska 400,000 dola

Mid-Hudson

- Pisinn New Rochelle YMCA: jiska 310,578 dola
- Julia Dyckman Andrus Memorial – Sant Akwatik McGee Hall: jiska 520,448 dola
- Vil Thompson – Pak Vil Thompson: jiska 2.2 milyon dola

Mohawk Valley

- Vilaj Middleburgh – Pisinn Kominotè Middleburgh: jiska 1.2 milyon dola
- Sant pou Devlopman Utica – Pisinn Alenteryè nan Sant Kominotè Utica a: jiska 3.0 milyon dola

New York City

- Kips Bay Boys & Girls Club – Sant Akwatik Lucile Palmaro Clubhouse: jiska 2.5 milyon dola
- Commonpoint NY – Bronx Center Pool: jiska 981,000 dola
- Nouvo Kòporasyon Kanpis Kominotè Settlement – Nouvo Pisin Kanpis Kominotè Settlement: jiska 250,000 dola
- Educational Alliance – 14th Street Y: jiska 250,000

North Country

- YMCA nan Watertown – Downtown Y Aquatic Center: jiska 400,000 dola

Southern Tier

- Children's Home of Wyoming Confernce – Etablisman Akwatik Sant Kominotè Southern Tier: jiska 2.8 milyon dola
- Vil Delhi – Sant Lwazi ak Akwatik West Branch: jiska 252,182 dola

Rejyon Lwès Nouyòk

- Vil Tonawanda – Pisinn Kenmore: jiska 1.2 milyon dola
- YMCA Buffalo Niagara – Camp Swan: jiska 2.8 milyon dola

Envestisman NY SWIMS la bay yon nouvo sant akwatik nan Troy
Anons jodi a rive pandan Vil Troy ap selebre ouvèti nouvo Sant Akwatik Knickerbacker Park nan katye Lansingburgh nan Vil la kòm yon pati nan lansman sezon pisin 2026 la.

Gras a yon prim NY SWIMS 5.8 milyon dola ak yon envestisman lokal adisyonèl, pwojè Kickerbacker Park 7.3 milyon dola a ranplase pisin katye a ki te fèmen an 2016 ak yon sant akwatik modèn ki gen yon pisin prensipal ki mezire 697 mèt kare (7,500 pye kare), yon zòn teren esprey ak yon twalèt 353 mète kare (3,800 pye kare).

Enstalasyon an, ki fèt pou sèvi rezidan tout laj ak tout kapasite, gen ladan l yon pisin prensipal ki konfòm ak ADA ak yon ranp ki pèmèt moun antre nan dlo a gradyèlman. Vil la prevwa akeyi ant 12,000 ak 14,000 vizitè chak ete.

Antre nan sant akwatik la ap gratis, san okenn frè chak jou oswa san egzijans abònman. An patenarya avèk Boys & Girls Club of the Capital Area, Vil la pral ofri tou pwogram gratis pou aprann naje ak sekirite nan dlo pou ede timoun yo devlope konpetans nan natasyon k ap dire pou tout lavi yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral DASNY, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Chak pwojè NY SWIMS reprezante yon envestisman nan kominote ki pi an sante e ki pi solid. Gouvènè Hochul konprann ke enfrastrikti piblik la pa sèlman gen bilding ladan l — li konsène kreye kote fanmi yo reyini, timoun yo pran konfyans lè yo aprann naje epi vwazen yo konekte youn ak lòt. Soti nan prim adisyonèl jodi a rive nan ouvèti Sant Akwatik Knickerbacker Park nan Troy, n ap wè vizyon sa a vin reyalite atravè Nouyòk. DASNY fyè dèske li kolabore ak kominote yo atravè eta a pou reyalize pwojè ki pral amelyore kalite lavi pou plizyè jenerasyon."

Majistra Vil Troy, Carmella R. Mantello, te deklare, "Sa a se yon viktwa fòmidab pou Lansingburgh ak pou tout Vil Troy la. Envestisman sa a pral ede ranfòse youn nan koridò komèsyal ki pi enpòtan nou yo, sipòte ti biznis nou yo epi kontinye momantòm revitalizasyon n ap wè nan tout katye nou yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou angajman kontinyèl li anvè Troy epi paske li rekonèt potansyèl enkwayab Lansingburgh la. Ansanm, n ap kreye nouvo opòtinite pou biznis yo grandi, atire envestisman, epi asire yon avni ki pi solid pou kominote nou an."

Majistra adjwen Vil Troy la, Seamus Donnelly, te deklare, "Finansman sa a reprezante yon lòt gwo pa annavan nan vizyon alontèm nou pou Lansingburgh. Lè nou envesti nan distri biznis istorik nou an, n ap bay pwopriyetè yo ak antreprenè yo resous yo bezwen pou revitalize vitrin magazen yo, prezève karaktè istorik la epi atire nouvo

aktivite ekonomik. Nou rekonesan pou patenarya nou ak Eta Nouyòk la epi nou anvi kontinye sou pwogrè ki deja ap fèt nan Lansingburgh la."

Prezidan Konsèy Minisipal Vil Troy, Sue Steele, te deklare, "Konsèy Minisipal Vil Troy la fyè dèske li te asosye avèk administrasyon an pou bay nouvo sant akwatik dènye kri sa a pou fanmi Troy yo. Nou patikilyèman rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou finansman eta a ki te rann sa posib."

Konseye Minisipal Vil Troy, Phil DiLorenzo, te deklare, "Ouvèti nouvo Sant Akwatik Knickerbacker Park la se rezilta plizyè ane kolaborasyon ant Eta Nouyòk, Vil Troy, Konsèy Administrasyon Knickerbacker Park la ak anpil lòt manm kominote ki te kwè nan pwojè sa a. Mwen toujou sonje m t ap revize plan mwen te fè byen bonè epi m t ap imajine kijan jou sa a t ap ye, Se sa k fè, se yon gwo satisfaksyon ak yon rekonpans estwòdinè pou mwen pou m wè pwojè sa a tounen yon reyalite pre plizyè ane travay di. Pandan n ap selebre yon bèl nouvo pisin ak yon nouvo espas pou teren esprey, sa ki pi eksite m se sa y ap vle di pou kominote nou an. Pandan plizyè ane k ap vini yo, fanmi yo pral rasanble isit la, timoun nou yo pral aprann naje isit la, epi yon nouvo jenerasyon rezidan Lansingburgh pral kreye souvni nan Knickerbacker Park. Sa se yon envestisman ki vo lapenn pou selebre."

Konseyè Minisipal Vil Troy, Shikole Struber, te deklare, "Sant Akwatik Knickerbacker la se yon gwo opòtinite pou fanmi yo nan Lansingburgh ak lòt kote. Finansman an ap sipòte rezidan Troy yo dirèkteman lè li bay travay pou sovtaj, leson natasyon pou moun ki ta ka bezwen yo, epi li ba yo posiblite pou yo tou senpleman rafrechi tèt yo nan chalè a. Mèsi Gouvènè Hochul, Komisyon Knick la, Vil Troy la, ak tout manm kominote a ki te travay di pou fè sa reyalize!"

NY SWIMS ede minisipalite yo ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo konsevwa, konstwi, repare epi modènize enstalasyon natasyon piblik atravè Eta Nouyòk. Inisyativ la sipòte pwojè ki amelyore sante piblik, elaji opòtinite lwazi, ankouraje sekirite dlo epi asire kominote yo gen aksè a kote modèn ak an sekirite pou naje.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU